



Pou Piblikasyon Imedya: 05/08/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DEPATMAN SÈVIS FINANSYE A PRAN MEZI POU PWOTEJE PASYAN YO KONT FRÈ PPE YO

***Endistri Asirans Sante New York la pral travay avèk founisè swen sante yo pou asire ke yo ranbouse frè PPE yo anvè pasyan yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) Eta New York te pibliye [nouvo konsèy](#) pou konpayi asirans New York yo pou asire ke yo pa chaje pasyan yo pou frè ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) ke founisè swen sante ki patisipe nan rezo konpayi asirans pa yo ofri.

"Nan moman ensèten sa yo, menm jan anpil Nouyòkè yo ap lite pou yo debouye yo, founisè swen sante yo pa ta dwe kreye plis chaj finansye sou pasyan yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mezi sa a pral asire ke Nouyòkè yo pwoteje kont frè ekseksif ki asosye ak swen nesesè e pafwa swen vital ke yo bezwen pou sove lavi yo."

DFS deja resevwa plent konsomatè yo ke founisè swen sante yo patisipe, patikilyèman founisè dantè yo, yo chaje pasyan yo frè pou PPE oswa lòt chaj ki gen rapò ak depans ogmante akòz COVID-19 yon fason ki pa apwopriye, kote yo transmèt frè sa yo bay konpayi asirans yo epi ki ale odela de pataj depans aplikab pasyan asire a.

Yon founisè kap patisipe pa ta dwe chaje pou peye yon frè pasyan oswa lòt chaj anplis de responsablite finansye pasyan an pou sèvis ki kouvri yo epi konpayi asirans yo pa ta dwe kouvri chaj sa yo. Anplis de sa, DFS pa apwouve règleman oswa dispozisyon kontra ki rann pasyan ki asire a responsab pou pri PPE yon founisè k'ap patisipe.

**Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare,** "Lèt sikilè DFS la raple konpayi asirans yo nan Eta New York ke yo ta dwe asire ke yo pa chaje kliyan yo frè PPE yo. Konsomatè yo pa responsab pou frè ki depase responsablite finansye yo nan kontra asirans yo oswa nan kontra yo. Li esansyèl pou founisè swen sante yo ak konpayi asirans yo kolabore pou konsomatè yo resevwa swen yo bezwen pandan tan ensèten sa a, san frè sipleman".

**Komisè Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker te deklare,** "Founisè swen sante yo pa ta dwe chaje pasyan yo pou PPE nan kèlkeswa sikonstans lan. Founisè yo gen obligasyon pou asire sekirite pasyan yo ak anplwaye yo pandan tout vizit medikal yo, soti nan tchèkòp woutin yo rive nan entèvansyon chirijikal yo".

## Lèt sikilè DFS la konseye konpayi asirans yo pou:

- Notifye founisè k'ap patisipe yo imedyatman pou yo pa chaje frè PPE e ke yo ta dwe rann moun ki asire yo inifansif pou chaj sa yo;
- Montre founisè yo pou yo ranbouse frè PPE yo pou moun ki asire yo;
- Notifye moun ki asire yo ke yo pa ta dwe chaje yo pou frè PPE ak bay moun ki asire yo enfòmasyon kontak konpayi asirans yo pou soumèt plent ki gen rapò ak sa;
- Travay ak founisè yo pou rezoud pwoblèm ki gen rapò ak ogmantasyon pri akòz COVID-19, ki gen ladan frè PPE yo, pou yo ka rann moun ki asirans yo inofansif pou frè sa yo, ki ka mande pou konpayi asirans yo mande enfòmasyon nan men founisè yo sou si yo te chaje moun ki asire yo frè ki pa apwopriye ; epi
- Travay avèk founisè yo pou asire ke yo ranbouse moun ki asire yo; epi
- Nan 90 jou ki vini apre lèt sikilè a, rapòte bay DFS kantite frè PPE yo chaje moun ki asire yo, kantite moun ki asire ki afekte, ak yon deskripsyon ki moutre kijan yo pral bay ranbousman yo.

[Li yon kopi lèt sikilè asirans lan sou sit wèb DFS la.](#)

Nouyòkè ki gen plent sou yon kontra asirans ta dwe kontakte DFS nan [www.dfs.ny.gov/complaint](http://www.dfs.ny.gov/complaint) oswa atravè Liy Dirèk Konsomatè DFS la nan (212) 480-6400 oswa (518) 474-6600 (lendi jiska vandredi, 8:30 AM a 4:30 PM).

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)